**NGALARAPKEUN MODEL PANGAJARAN *PROBLEM BASED LEARNING* PIKEUN NGARONJATKEUN PANGJORONG KAREP SARENG HASIL DI AJARNA PUTRA ATIKAN**

**(*Panalungtik* Tindakan Kelas di Kelas IV SDN Sukamanah 02 Kabupaten Bandung Taun Ajaran 2018-2019)**

**Ku**
**Rida Sari Agustin**
**145060102**

## *RINGKESAN*

Panalungtikan ieu teh ngeunaan "Penerapan Model Pembelajaran *Problem Based Learning* untuk Meningkatkan Motivasi dan Hasil Belajar Peserta didik ", ( Ngalarapkeun Model Pangajaran PBL pikeun Ngaronjatkeun Pangrojong Karep sareng Hasil diajarna Putra Atikan") Mangrupikeun hiji panalungtikan Tindakan Kelas (PTK) di kelas IV ngeunaan Tema Indahnya Kebersamaan Subtema Keberagaman Budaya Bangsaku di SD N Sukamanah 02 Desa Langensari Kecamatan Solokanjeruk Kabupaten Bandung

Nu dijantenkeun kasang tukang panalungtikan nyaeta Perkara anu perlu diungkulan/ dironjatkeun, diantawisna : 1) Panyangkem putra atikan kana bahan pangajaran nu diajarkeun, utamina ngeunaan "Keberagaman Budaya Bangsaku", masih handap keneh; Jeung 2) Pangjurung karep (Motivasi) putra anikan dina pangajaran "Tematik" teu acan paripurna.

Saluyu sareng perkarana, mangka taarekah pikeun ngomeananan ngalangkungan gawe rancage nyaeta::(1) Kegiatan ngomean pangajaran ku cara Panalungtikan Tindakan Kelas (PTK) dua Siklus nu sifatna Tematik kalayan puseur pangajaran Bahasa Indonesia, IPS, Pkn, IPA, Matematika, SBdP; (2) Ngalaksanakeun pangajaran nu inovatif, kreatif, efektif, tur mincut kalayan nganggo Model/Pendekatan *Problem Based Learning*; sarta (3) Ngalaksanakeun kagiatan pangajaran subtema "Keberagaman Budaya Bangsaku" kalayan nerapkan Metode: Ekspositori (Ngabejerbeaskeun), Tanya Jawab (Gunem catur jeung patalekan), Kerja kelompok (Gawe bareng), Penugasan (Pancen), Diskusi (Sawala), praktikum (Nyoba-nyoba prakprakanan) .

Hasil kegiatan PTK dina widang pangajaran Bahasa Indonesia, IPS, Pkn, IPA, Matematika, SBdP tiasa disebatkeun kalayan cindekna kalaksanakeun nganggo prosedur (tata cara) jeung dan lhambalan kagiatan PTK dina dua Siklus kalayan hasilna sae pisan. Hal ieu kabuktosan diantawisna : (1) Putra atikan ampir sadayana atanapi 92.5% mibanda pangajen di saluhureun KKM (75) Kalayan rata-ratana (Mean Kognitif ) putra atikan ngahontal 85.5; (2) Tingkat pangjurung karep diajar putra atikan saluyu sareng KD meh sadayana atanapi 95% putra atikan kajurung karep diajar dina subtema 1:" Keberagaman Budaya Bangsaku" kalayan kualifikasi kacida saena. (3) Katinekanan nerapkeun model pangajaran *Problem Based Learning* dina ngaronjatkeun hasil diajarna putra atikan teh kudilantarankeun nganggo bahan ajarna nupasifatanana langkung "kontekstual" tina sabudeureun kahitupan sadidinten putra atikan.

Kecap utamana: Model Pangajaran, *Problem Based Learning*, Pangjurung karep (MotivasiI diajar, dan hasil diajar putra atikan.